

## Lis Tèm Asirans ak Definisyon yo pou yon Tradiksyon Omojèn

Tèm nan	Definisyon
valè aktyaryèl	Pousantaj frè total mwayen pou avantaj garanti yon plan ap dakò pou bay. Pa egzanp, si yon plan gen yon valè aktyaryèl 70%, anmwayèn, ou ta responsab pou 30% depans tout avantaj ki garanti yo. Men, ou kapab responsab pou peye yon pi gwo oswa yon pi piti pousantaj depans total sèvis ki garanti yo pou ane a, selon bezwen swen sante ou nan moman an ak kondisyon jeneral kontra asirans lan.
Lwa sou Swen Sante Bon Mache (Affordable Care Act)	Lwa sou refòm jeneral nan swen sante nan mwa mas 2010. Yo te adopte lwa a an de (2) pati: Yo te siyen Pwojè-Lwa sou Pwoteksyon Pasyan an ak Swen Sante ki pa Chè an lwa nan dat 23 mas 2010, epi lwa sou Kontinwite Swen Sante ak Edikasyon nan dat 30 mas 2010. Yo itilize non “Lwa sou Swen Sante Bon Mache” pou vle di dènye vèsyon amande lwa a.
frè yo aksepte	<p>Kantite lajan maksimòm yon konpayi asirans ap anvizaje peye pou yon sèvis, ansanm ak nenpòt kantite lajan pasyan an responsab pou peye. Pou pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a, frè yo aksepte yo baze sou kontra avèk pwofesyonèl swen sante yo. Pou pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a, frè yo aksepte yo ka:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• menm avèk frè pou pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a,</li> <li>• baze sou yon pousantaj kantite lajan Medicare ta peye pou menm sèvis yo, oswa</li> <li>• Frè Regilye, Òdinè ak Rezonab (UCR), yon kantite lajan plan an ou detèmine ki rezonab pou sèvis la nan zòn lokal ou.</li> </ul>
kantite lajan yo aksepte	Kantite lajan maksimòm peman an baze pou sèvis swen sante ki garanti yo. Sa ka rele “depans admisib,” “alokasyon pou peman” oswa “tarif negosye.” Si yon pwofesyonèl swen sante reklame plis lajan pase kantite lajan yo aksepte a, ou ka gen pou peye diferans lan.
kontestasyon konsènan pwoteksyon asirans	Yon demann pou konpayi asirans sante ou oswa pou plan ou revize yon desizyon oswa yon doleyans ankò.
plent	Si ou panse yon pwofesyonèl swen sante fè diskriminasyon kont ou (oswa kont yon lòt moun) akòz

## Lis Tèm Asirans ak Definisyon yo pou yon Tradiksyon Omojèn

	ras ou, peyi kote ou fèt, andikap ou, oswa laj ou, ou ka pote plent pou vyolasyon dwa sivil ou.
kopeman	Kantite lajan fiks (pa egzanp, \$15 dola) ou peye pou yon sèvis sante ki garanti, anjeneral nan moman ou resevwa sèvis la. Kantite lajan an kapab pa chanje selon kalite sèvis swen sante ki garanti a.
ko-asirans	Kotizasyon ou peye nan frè pou yon sèvis swen sante ki garanti. Yo kalkile li kòm yon pousantaj (pa egzanp, 20%) kantite lajan yo aksepte pou sèvis la. Ou peye ko-asirans lan plis nenpòt franchiz ou dwe. Pa egzanp, si kantite lajan asirans sante a oswa plan an aksepte pou yon vizit nan klinik se \$100 dola, epi si ou peye franchiz ou, peman 20% ko-asirans ou ta \$20 dola. Asirans sante a oswa plan an ap peye rès kantite lajan yo aksepte a.
rediksyon nan kotizasyon nan frè	Yon rabè ki bese kantite lajan ou gen pou peye avèk lajan pòch ou pou franchiz, ko-asirans, ak kopeman. Ou kapab jwenn rediksyon sa a si ou gen asirans sante ou nan Marketplace, si revni ou anba yon sèten nivo, epitou si ou chwazi yon plan sante nan kategori plan Silver. Si ou se yon manm nan yon tribi gouvènman federal la rekonèt, ou ka kalifye pou lòt avantaj nan kotizasyon nan frè yo.
sèvis ki garanti	Sèvis medikal, pwosedi, medikaman sou preskripsyon ak lòt sèvis swen sante konpayi asirans ou peye pou ou anba plan ou. Toujou sonje se pa tout swen sante ki garanti. Pa egzanp, kèk plan p ap peye pou medikaman ki disponib san preskripsyon. Epi, menmsi yon sèvis garanti, ou ka toujou bezwen peye yon kopeman oswa yon ko-asirans, mande otorizasyon davans, oswa jwenn yon referans doktè premye swen ou anvan konpayi asirans ou ap peye. Kontra asirans ou ta dwe gen yon lis detaye sa ki garanti ak sa ki pa garanti.
dat sèvis la	Dat ou resevwa yon sèvis swen sante oswa dat ou ale nan klinik yon doktè premye swen oswa nan yon sant medikal.
franchiz	Kantite lajan ou dwe pou sèvis swen sante asirans sante ou oswa plan ou garanti anvan asirans sante ou oswa plan ou kòmanse peye. Pa egzanp, si franchiz ou dwe peye a se \$1,000 dola, plan ou p ap peye anyen jouk lè ou peye franchiz \$1,000 dola ou pou sèvis swen sante garanti ki depannde franchiz la. Franchiz la pa aplike nan tout sèvis yo.

## Lis Tèm Asirans ak Definisyon yo pou yon Tradiksyon Omojèn

refi	Desizyon yon konpayi asirans pran pou pa peye pou yon sèvis, pou yon tès oswa pou yon tretman paske li pa garanti nan plan asirans sante ou oswa paske yo konsidere li pa nesèsè pou rezon medikal dapre avantaj ak règ plan sante yo.
sispansyon plan	Aksyon yon konpayi asirans sante fè pou sispann ofri yon plan asirans sante patikilye.
Pwoblèm Medikal Ijan	Se yon maladi, yon chòk, yon sentòm oswa yon pwoblèm ki ta oblije yon moun nòmal chèche laswenyaj touswit pou evite domaj grav.
eksepsyon	Sèvis swen sante asirans sante ou oswa plan sante ou pa peye oswa pa garanti.
Exclusive Provider Organization (EPO) Òganizasyon Founisè Swen Sante Esklizif (Exclusive Provider Organization (EPO))	Yon plan swen sante kontwole kote sèvis yo garanti sèlman si ou ale nan klinik doktè, nan klinik espesyalis oswa nan lopital ki nan rezo plan an (sof nan yon ijans).
egzanpsyon	Anrapò avèk Lwa sou Swen Sante Bon Mache, yon egzanpsyon se yon egzonerasyon sèten moun ki nan sitiyasyon espesyal kapab jwenn pou yo pa gen obligasyon pou gen asirans sante. Pou jwenn yon lis sikonstans ki ka kalifye pou yon egzanpsyon, ale nan sitwèb <a href="http://healthcare.gov">healthcare.gov</a> .
eksplikasyon avantaj yo	Konpayi asirans ou ap ba ou yon eksplikasyon avantaj yo (EOB) apre ou soumèt yon reklamasyon pou swen sante ba konpayi asirans ou oswa apre yon pwofesyonèl swen sante soumèt yo reklamasyon ba konpayi asirans ou sou non ou. EOB ap gen ladan yon eksplikasyon detaye sou fason konpayi asirans ou/administratè a te kalkile kantite lajan ranbousman li te fè ba pwofesyonèl swen sante ou oswa ba ou pou yon sèvis medikal espesyal. EOB ap gen ladan tou enfòmasyon sou fason pou konteste oswa pou pa aksepte desizyon konpayi asirans ou pou ranbousman an. Sonje ou pa ka resevwa yon EOB pou swen sante ou resevwa nan klinik yon pwofesyonèl swen sante oswa yon sant medial ki nan rezo konpayi asirans ou si pa gen peman ki obligatwa pou ou fè pou sèvis yo.
èd lajan	Kantite lajan yon moun resevwa nan kredi taks pou itilize pou peye prim asirans sante li epi ki redui depans asirans sante. Kantite lajan sa a disponib sèlman nan NY State of Health.



## Lis Tèm Asirans ak Definisyon yo pou yon Tradiksyon Omojèn

fòmilè	Yon lis medikaman sou preskripsyon ki garanti nan yon plan preskripsyon oswa nan yon lòt plan asirans ki bay avantaj medikaman sou preskripsyon. Li rele yon lis medikaman tou.
kondisyon ki te la anvan	Jan yo itilize li anrapò avèk Lwa sou Swen Sante Bon Mache: Egzante nan sèten dispozisyon lwa sa a.
refòm nan swen sante	Gade Lwa sou Swen Sante Bon Mache
Òganizasyon Antretyen Swen Sante (Health Maintenance Organization (HMO))	Anjeneral, se yon kalite plan asirans sante ki limite pwoteksyon nan swen sante yo bay nan klinik doktè ki travay pou HMO oswa ki gen kontra avèk HMO. Anjeneral, li pa garanti swen ki pa nan rezo a, sof nan yon ijans. Yon HMO ka egzije ou pou viv oswa travay nan zòn sèvis li pou ou kalifye pou pwoteksyon an. Anjeneral, HMO yo bay swen sante konplè epi yo konsantre sou swen sante pou prekosyon ak sante fizik.
Kont Epay Sante (Health Savings Account (HSA))	Yon kont epay medikal ki disponib pou kontribiyab ki enskri nan yon Plan Sante ki Gen Gwo Franchiz. Ou pa gen pou peye taks nan lajan ou kotize nan kont lan nan moman w ap fè depo a. Ou dwe itilize lajan an pou peye pou depans medikal admisib yo. Si yon patwon chwazi, anplwaye yo ka gen jiska \$500 dola nan pwochen ane sivil la.
Ki nan rezo a	Konsènan tretman ou resevwa nan klinik doktè, klinik, sant sante, lopital, pratik medikal ak lòt pwofesyonèl swen sante plan ou gen yon kontra pou bay swen sante pou manm li yo. Anjeneral, w ap peye mwens lajan avèk lajan pòch ou lè ou resevwa tretman nan klinik pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a.
asirans	Yon kontra ki egzije konpayi asirans ou pou peye kèk oswa tout depans swen sante ou kòm yon echanj pou yon prim.
Marketplace	Yon resous kote moun, fanmi ak ti biznis yo kapab aprann chwa ki genyen pou pwoteksyon swen sante yo; konpare plan asirans sante ki baze sou depans, avantaj, ak lòt patikilarite enpòtan; chwazi yon plan; epi enskri nan pwoteksyon asirans lan. Marketplace bay enfòmasyon tou sou pwogram ki ede moun ki pa touche ase revni ak moun ki touche revni modere pou peye pou pwoteksyon asirans yo. Sa gen ladan fason pou ekonomize lajan nan prim asirans lan chak mwa nan Marketplace, ak enfòmasyon sou lòt pwogram yo, tankou Medicaid ak Children's Health

## Lis Tèm Asirans ak Definisyon yo pou yon Tradiksyon Omojèn

	Insurance Program (CHIP). Marketplace ankouraje konpetisyon pami plan sante prive yo, epi fasil pou jwenn nan sitwèb, sant apèl ak èd an pèsòn.
nivo metal	Plan sante yo ofri nan Marketplace yo ap tonbe nan kategori ki rele nivo metal. Nivo metal yo se bwonz, ajan, lò ak platin, epi yo asosye avèk yon valè aktyaryèl. Valè aktyaryèl la se pousantaj depans total mwayen pou avantaj garanti yon plan ap garanti. Pa egzanp, si yon plan gen yon valè aktyaryèl 70%, kliyan an ta responsab anmwayèn pou 30% depans tout avantaj ki garanti yo. Men, ou kapab responsab pou peye yon pi gwo oswa yon pi piti pousantaj depans total sèvis ki garanti yo pou ane a, selon bezwen swen sante ou nan moman an ak kondisyon jeneral kontra asirans lan. Platin bay nivo pwoteksyon siperyè a, epi apre li se nivo lò, ajan ak bwonz.
ki pa nesèsè pou rezon medikal	Sèvis oswa materyèl swen sante yo detèmine ki pa nesèsè pou anpeche, fè dyagnostik oswa trete yon maladi, yon chòk, yon pwoblèm medikal, yon enfeksyon oswa sentòm li yo epi ki satisfè kritè yo aksepte nan lamedsin.
Obamacare	Lwa sou Swen Sante Bon Mache gen pou wè ak Obamacare.
ki pa nan rezo a (out of network (OON))	Konsènan tretman ou resevwa nan klinik doktè, klinik, sant sante, lopital, pratik medikal ak lòt pwofesyonèl swen sante ki pa gen yon kontra avèk konpayi asirans sante ou pou bay swen sante pou manm li yo. Anjeneral, w ap peye plis lajan avèk lajan pòch ou lè ou resevwa tretman nan klinik pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a.
avantaj deyò rezo a (out of network (OON) benefit)	Avantaj ou jwenn nan pwoteksyon plan an pou sèvis ou resevwa nan klinik doktè ak lòt pwofesyonèl swen sante ki pa sou yon kontra avèk plan sante ou.
depans avèk lajan pòch ou	Depans pou swen medikal konpayi asirans ou pa ranbouse. Depans avèk lajan pòch ou gen ladan franchiz, ko-asirans ak kopeman pou sèvis ki garanti yo plis tout frè pou sèvis ki pa garanti yo.
maksimòm depans avèk lajan pòch ou	Pi gwo kantite lajan ou peye pandan yon peryòd kontra asirans lan (anjeneral yon ane) anvan asirans sante ou oswa plan sante ou kòmanse peye 100% kantite lajan ki admisib la. Limit sa a pa janm gen ladan prim asirans ou, frè yo reklame nan bòdwo pou balans, oswa swen sante asirans sante ou oswa plan sante ou pa garanti. Kèk plan asirans sante oswa plan sante pa konte kopeman ou, franchiz ou, peman ko-asirans ou, peman ou fè deyò rezo a, oswa lòt depans nan limit sa a.

## Lis Tèm Asirans ak Definisyon yo pou yon Tradiksyon Omojèn

	Nan Medicaid ak CHIP, limit gen prim asirans lan ladan. Menm nan nivo metal ki pi ba a, pifò lajan yon moun ta peye avèk lajan pòch li se \$6,350 dola (pi gwo kantite lajan yon fanmi ta peye avèk lajan pòch li se \$12,700 dola). Lòt nivo metal yo gen pi piti frè pou peye avèk lajan pòch ou.
pwofesyonèl swen sante patisipan	Yon doktè, dantis oswa lòt pwofesyonèl swen sante oswa yon lopital oswa sant swen sante ki gen kontra avèk yon konpayi asirans pou bay sèvis pou manm li yo pou yon kantite lajan frè espesyal.
Plan Point of Service (Point-of Service (POS) Plan)	Yon kalite plan kote ou peye mwens lajan si ou pran sèvis doktè, lopital ak lòt pwofesyonèl swen sante ki fè pati nan rezo plan an. Plan POS yo egzije tou pou jwenn yon referans doktè premye swen ou pou ou kapab wè yon espesyalis.
Òganizasyon Pwofesyonèl Swen Sante Prefere (Preferred Provider Organization (PPO))	Yon kalite plan sante ki gen kontra avèk pwofesyonèl swen medikal, tankou lopital ak doktè, pou kreye yon rezo pwofesyonèl swen sante patisipan. Ou peye mwens lajan si ou pran sèvis la nan klinik pwofesyonèl swen sante ki nan rezo plan an. Ou kapab itilize sèvis doktè, lopital ak founisè ki pa nan rezo a pou yon frè adisyonèl.
prim asirans	Kantite lajan ou dwe peye pou asirans sante ou oswa pou plan sante ou. Anjeneral, oumenm sèlman oswa oumenm ak patwon ou peye li chak mwa, chak trimès oswa chak ane.
Plan Sante Kalifye (Qualified Health Plan)	Anba Lwa sou Swen Sante Bon Mache, apati ane 2014, yon plan asirans Health Insurance Marketplace sètifye, epi ki bay avantaj sante debaz, ki respekte limit ki anplas sou kotizasyon nan frè yo (tankou franchiz, kopeman ak kantite lajan maksimòm depans avèk lajan pòch ou), epi ki satisfè lòt kondisyon. Yon plan sante kalifye ap gen yon sètifikasyon chak Marketplace kote yo vann li a.
referans	Yon rekòmandasyon ekri doktè premye swen ou bay pou ou wè yon espesyalis oswa pou resevwa sèten sèvis medikal. Nan anpil Òganizasyon Antretyen Sante [Health Maintenance Organizations (HMO)], ou bezwen jwenn yon referans anvan ou kapab resevwa swen medikal nenpòt pwofesyonèl swen sante, sof doktè premye swen ou. Si ou pa resevwa yon referans anvan, plan an ka pa peye pou sèvis yo.
oto-asire	Kalite plan anjeneral yo prezante nan pi gwo konpayi kote patwon an poukont li touche prim



## Lis Tèm Asirans ak Definisyon yo pou yon Tradiksyon Omojèn

	asirans yo nan men manm yo oswa kote patwon an pran responsablite pou peye reklamasyon medikal anplwaye yo ak depandan yo. Patwon sa yo kapab gen kontra pou sèvis asirans tankou enskripsyon, travay sou reklamasyon yo, ak rezo pwofesyonèl swen sante avèk yon administratè endepandan, oswa yo kapab administre li poukont yo.
Small Business Marketplace	Small Business Marketplace se pati NY State of Health epi li ofri plan sante ki pa chè pou ti biznis ki gen 50 anplwaye oswa mwens.
kredi nan taks	Moun ak pwopriyete ti biznis yo ka kalifye pou kredi nan taks k ap redui depans pou asirans sante yo. Kredi nan taks sa yo disponib sèlman nan NY State of Health.
Mache Plan Sante Ofisyèl (Official Health Plan Marketplace)	Sa a se eslogan pou NY State of Health. Moun k ap viv nan New York yo kapab achte, konpare plan asirans sante ki gen pri redui epi ki pa chè nan NY State of Health, epitou yo kapab antre nan youn nan plan yo.
revizyon itilizasyon	Metòd pou egzamine sèvis swen sante yon pasyan te resevwa.